## 2.

Эбел-инсул рукъ таралдасаго талихI кьечIей гIадан йикIана Сакина. Жиндихъего ихтияр щвечIеб талихI, гьезие мутIигIайлъун йикIиналъухъ кьураблъун толеб букIана гьелъ.

Сакинайин абураб цIарги гьелъие щун букIана бечедав мадугьалас кьун, гьей жиндир нус йикIине йигин. Гьесул гIолохъанго хварай эбелалъул наслабазул букIараб цIар букIана гьеб.

Бечедав мадугьаласул цIар букIана Сахратин. Гьесул анцIила лъабго сон барав васасе гIужде яхиндал, лъадилъун Сакина кьезе разилъун, гьелъул инсуца Сахратил квер босун, къотIиги гьабун букIана. Нахъа щиб кколебали ургъел гьабичIого, жиндир нус йикIине йигин абураб рагIи, къо бахъанагIан щулалъана мадугьаласулги.

Нахъаса къотIичIого кьолел сайгъатазги, цоцаздехун бугеб адаб-х1урматалъги заман бахъанагIан уяблъун лъугьунеб букIана гьеб къотIи-къай.

Мадугьалзабигун лъикI йикIине кколин гурони, токIаб жо Сакинада малъичIей эбелалъе, ясалъул букIинеселъул ургъел букIинчIо. ЧIахIиял хурзал, гIемерал харибакIал, анкьго чу, анцIила кIиго вехь тарал гIиял рехъаби рукIана мадугьала-

сул. Гьеб букIана эбел-инсуца цо йигей яс Сакинае талихIлъун рикIкIунеб жолъун.

ХIакъикъаталдаги, Сахратулазул тухумалъул гIадамал гIаданлъи бугел, намус-яхI цIунарал рукIана. Бечелъи хIехьезе лъаялъ, гьел лъалел гIадамаз гьезул кIудияб къиматги, адабги гьабулаан.

АхIмад хехго кIудияв гIурав, ворхатав, берцинав, чалухав гIолохъанчи лъугьана.

Амма, гIадамаца къимат гьабулев, кинабго лъикIаб-квешалда гъорлъ берцинлъи хIалтIизабулев инсул васас, инсуца гьабураб къотIиялда тIасан галиги тIамун, жиндиего абурай ясги тун, къватIиб росулъа, цойги чиясе абурай яс хъамун ячана. РагIаразе гьеб букIана АхIмадил цIакъго кIудияб гъалатIлъун, гIадлъараб лъугьабахъинлъун.

Эбел-инсул адаб тарав васги вукIинчIо АхIмад. Къокъаб заманалда гьабураб гьеб гIажаибаб ригьин, кинавго чиясе кин ккарабали лъалареб балъголъилъун хутIана.

Инсул гIакъиллъиялъ, кигIан захIмалъаниги, бергьаравлъунги течIого, росо рагIалда жиндасаго рик1к1ада босана гьесие мина. Гьоркьохъеб къагIидаялда рукъалде руссинарурал гьезие гьаюна кIиго яс.

Сакинайин абуни, цIакъго берцинай, росуго бахилай яс лъугьун гIун ячIуней йикIана.

АхIмадица чIужу ячаниги ракI хвечIо гьел мадугьалзабазул. Сакина цоги чиясе ине бахщарав Сахратулаца, гьей кIиабилей чIужулъун ячине рази гьавуна вас АхIмад.

Гьанжеги гьениб Сакинада гьикъулеб щибго букIинчIо. АхIмадил вац-яц гьечIолъиялъ, гьесие хутIулеб магIишат букIана аслияб жолъун. Эменги рекъечIого къватIи росолъа ячарай чIужуялъе тезе кIолеб бечелъи букIинчIо гьеб.

АхIмадица йокьун, хъамун ячарай чIужуялъул ц1ар бук1ана Х1аликъат. Гьелъие Сахратица щибго, я ретIел, я гIадаталда рекъон нусалъе кьезе кколеб хъалим, кьун букIинчIо. Бертин гьабун, кIодоги гьей гьайичIо. АхIмадида тIад рекъон вугин ккелин, Сакинал эбел-инсудаса гьев намуслъун вукIана. ХIакъикъаталдаги, Сахрат воххунги вукIинчIо гьеб ригьиналдаса.

Инсулгун рекъел къварагIарав АхIмад, Сакина ячине разилъана. Амма жиндиего йокьун ячарай лъадигун вугев рокъое гьей ячIине разилъичIо. Сакина ячана АхIмадил инсул рокъое.

Сакина ячунеб къоги, гьелъие кьезе бугеб, бищун эбелалъ анищ гьабулеб чемоданги цадахъ цого къоялъ кьезе хIукму ккана гьезул.

Зарбалалъул хъабало, гIарцул кун кьурараб ичIцIалал курхьаби, меседил гъурщал, анкьго умумузул наслабаз цоцахъе кьураб, хасго цIаруе

гIоло гьоркьоб хIалтIизабулеб букIараб бечелъи рокъобе бачIун, йохизе щвана Сакинал эбелалъе.

— Балагье, гIадамаца куй бачIунеб мехалъ, гьез цебеги къотIун оц бачIун буго! Магъаридае, кIудияв Сахратил рукIарал, Хала-щобалги кьолел рагIула, — ян бицун, цIар кьолеб букIана росдал гIадамаз.

ЦIар-рецц бокьулей чIужу йикIиналъ, гьаюраб къоялдаса нахъе Сакинае кьурал, гьелъ цониги нухалъ ретIун пайда босичIел сайгъаталги рукIана эбелалъ, бачIараб чумаданалда батIаго рихьдае тIаде журан.

— Бихьарабищ, Сакинал эбелалъ АхIмадил рахъалъан рачIарал киналго гIагаразе нахъаса угьарал симис халатал кIазал кьурал. Къан гьел кIазалгун берцинго гъез кьурдун свери бахъараб куц, — ан гIемер рец кьолел рукIана гьеб бихьарал росдал гIадамаз .

— Кьеларищха, цохIо йигей ясалъе! Дагъаб жойищ Сахратица гьезие баччараб, — гаргадулел рукIана, гьелда жахIдалъаралги.

— Росулъ тIокIай гьечIейгIан берцинай, гьайбатай, росдалго васазул хадуб ракI хварай яс, чIужуги лъималги ругеб бакIалде магIишаталъе гIолон кьолей йиго, — ан абулаан Сакинада ракI бухIаразги.

Гьеб анкьмоцIалъ кваначIого, кьижичIого, чвахун-ецIцIун гIодулей йикIана Сакина.